



## AVI KONSENAN PRATIK KONFIDANSYALITE

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE AK PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL KI  
KONSENE OU YO AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO.  
TANPRI, LI L AVÈK ANPIL ATANSYON.

---

### ITILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU SANTE OU KI PWOTEJE

Enfòmasyon medikal pwoteje yo gen ladan yo enfòmasyon demografik ak enfòmasyon medikal ki konsène sante fizik oswa mantal pase, prezan ak fiti yon moun. Enfòmasyon demografik yo kapab gen ladan yo non ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, nimewo sekirite sosyal ou ak nenpòt enfòmasyon ki pèmèt idantifye ou kòm yon moun patikilye. Enfòmasyon medikal pwoteje yo gen ladan enfòmasyon patikilye ki idantifye yon moun oswa enfòmasyon yo kapab itilize pou idantifye yon moun.

Enfòmasyon medikal pwoteje yo se enfòmasyon medikal yon pwofesyonèl swen sante, yon plan sante, yon patwon, oswa yon sant enfòmasyon swen sante kreye oswa resevwa. Depatman Sante (Department of Health) a (Depatman) kapab aji kòm chak kalite antrepriz pi wo yo. Depatman an itilize enfòmasyon medikal sa a nan plizyè fason pandan y ap reyalize aktivite nòmal nan antrepriz yo.

Depatman Sante a kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante pwoteje ou yo nan kad tretman, peman ak operasyon swen sante. Pwofesyonèl swen sante yo itilize enfòmasyon medikal nan klinik oswa lopital yo pou pran swen ou. Nou kapab pataje enfòmasyon sante ki pwoteje ou yo avèk yon lòt pwofesyonèl swen sante nan kad tretman ou avèk oswa san konsantman ou. Depatman an kapab itilize oswa bibliye enfòmasyon sou sante ou yo pou jesyón dosye ak sèvis yo. Klinik oswa lopital Depatman an ka voye enfòmasyon medikal yo bay konpayi aspirans, Medicaid, oswa ajans komunitè yo pou peye pou sèvis yo te ba ou yo.

Sèten manm pèsonèl depatman an kapab itilize enfòmasyon ou yo pou amelyore operasyon swen sante depatman an. Depatman an kapab voye rapèl konsènan randevou ba ou tou, enfòmasyon konsènan opsyon tretman oswa lòt avantaj ak sèvis sante.

Nou kapab pataje sèten enfòmasyon medikal pwoteje san otorizasyon ekri ou jan lalwa pèmèt sa. Pami sikonstans sa yo genyen:

- Repòte vyolans sou timoun, adilt, oswa moun ki gen andikap.
- Ankèt konsènan timoun ki pèdi.
- Ajans, biwo ak divizyon Depatman yo fè ankèt ak odit entèn.
- Ankèt ak odit Enspektè Jeneral ak Oditè Jeneral eta a ap fè, ak Biwo lejislatif Florida pou Pwogram Analiz Politik ak Responsablité Gouvènmantal la.
- Nan kad sante piblik, tankou estatistik vital, rapò konsènan maladi, siveyans sante piblik, ankèt, entèvansyon, ak règleman pwofesyonèl sante yo.
- Ankèt medsen lejis distri a ap fè.
- Rechèch depatman an apwouve.
- Lòd tribinal, manda, oswa asiyasyon.
- Nan kad aplikasyon lalwa, ankèt administratif, ak pwosè jidisyè ak administratif.

Lòt fason depatman an ap itilize ak pataje enfòmasyon sante ki pwoteje ou yo ap bezwen otorizasyon ekri ou. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo kapab pou fè marketing oswa rechèch, sèten itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapis, epi vann enfòmasyon sante pwoteje ki lakoz yon konpansasyon pou depatman an,

Otorizasyon sa a ap gen yon dat ekspirasyon ou kapab ekri pou anile.

### **DWA ENDIVIDI, DWA MOUN**

Ou gen dwa pou mande Depatman mete restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante ki pwoteje ou pou fè tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Ou kapab limite divilgasyon an ak moun ki enplike nan swen ou sèlman tou. Depatman an pa oblige dakò avèk okenn restriksyon.

Ou gen dwa pou asire w enfòmasyon ou yo ap rete konfidansyèl. Depatman ap kontakte w nan fason ak nan adrès oswa nimewo telefòn ou chwazi a. Nou kapab mande pou ou ekri pou fè demand ou an. Si ou responsab pou peye pou sèvis yo, ou kapab bay yon lòt adrès ki pa adrès rezidans ou kote ou kapab resevwa kourye lapòs ak kote Depatman kapab kontakte ou.

Ou gen dwa pou kontwole ak resevwa yon kopi enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje Depatman an konsève pandan 30 jou aprè Depatman an fin resevwa demann pou ou jwenn yon kopi enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje a. Ou dwe ranpli fòm Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon Konfidansyèl Depatman an epi soumèt demann lan bay depatman sante konte lokal la oswa bay biwo Sèvis Medikal Timoun yo. Si genyen reta nan kapasite Depatman an pou ba ou enfòmasyon an nan 30 jou, yo pral ba ou rezon ki fè genyen reta a epi dat yo prevwa demann ou an ka satisfè.

N ap sipèvize enspeksyon ou a w ap fè sou enfòmasyon an nan yon lè ak yon kote nou fikse. Yo ka refize w aksè nan kèk dosye jan lwa federal oswa eta espesifye sa.

Si ou chwazi resevwa yon kopi enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje, ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon an nan fòm oswa fòma ou mande li an. Si depatman an pa kapab bay li nan fòm ak fòma ou mande a, yo pral ba ou enfòmasyon an nan yon fòm kopi papye lizib oswa yon lòt fòm ak fòma kote ou menm ak Depatman an aksepte.

Depatman an pa kapab ba ou aksè ak nòt sikoterapi yo oswa kèk nan enfòmasyon yo te itilize nan yon pwosedi legal. Selon lalwa, yo konsève achiv yo pandan yon peryòd tan detèmine. Si demann ou pou jwenn enfòmasyon yo depase kantite tan sa a Depatman an pa oblige konsève dosye a epi sa ka rive enfòmasyon an pa disponib ankò.

Si nou pa ba ou aksè, ou gen dwa pou mande pou yon pwofesyonèl swen sante lisansye ki pa t enplike nan desizyon pou refize w aksè a revize enfòmasyon yo. Se depatman an k ap chwazi pwofesyonèl swen sante lisansye sa a.

Ou gen dwa pou korije enfòmasyon sante pwoteje ou yo. Ou dwe ekri pou fè demann koreksyon enfòmasyon sante ki pwoteje ou yo epi bay yon rezon pou sipòte demann koreksyon ou an.

Depatman ka refize demann ou an, tout oswa yon pati, si enfòmasyon sante ki pwoteje yo:

- Se pa Depatman ki te kreye yo.
- Se pa enfòmasyon sante ki pwoteje.

- Pa disponib pou enspeksyon ou dapre lalwa.
- Yo pa kòrèk epi yo pa konplè.

Si depatman an aksepte koreksyon w lan, l ap fè koreksyon an epi l ap enfòme ou ak lòt moun ki dwe enfòme de koreksyon an. Si yo rejte demand ou an, ou kapab voye yon lèt pou eksplike an detay rezon ki fè ou pa dakò ak desizyon an. Depatman an kapab reponn lèt ou an alekri. Ou kapab fè yon plent tou, jan sa dekri pi ba a nan seksyon ki titre Plent lan.

Ou gen dwa pou resevwa rezime sèten divilgasyon Depatman Sante a te petèt fè konsènan enfòmasyon sante pwoteje ou yo. Rezime sa a p ap gen ladan l:

- Enfòmasyon yo divilge avè w.
- Enfòmasyon yo divilge ak moun ki enplike nan swen ou.
- Enfòmasyon ou te otorize yo divilge.
- Enfòmasyon yo divilge pou tretman, peman, ak operasyon swen sante.
- Enfòmasyon yo divilge pou rezon sante piblik.
- Enfòmasyon yo divilge pou reglemantasyon pwofesyonèl sante.
- Enfòmasyon yo divilge pou repòte vyolans sou timoun, adilt, oswa moun ki gen andikap.
- Enfòmasyon yo te divilge avan 14 avril 2003

Rezime sa a ap gen ladan l:

- Enfòmasyon yo divilge pou rechèch, apa sa ou te ekri pou otorize.
- Enfòmasyon yo divilge pou reponn lòd tribunal, asiyasyon, oswa manda.

Ou kapab mande yon rezime pou yon peryòd 6 lane pou pi plis apati dat ou fè demand lan.

Si ou te resevwa Avi konsènan Pratik konfidansyalite sa a anliy, ou gen dwa pou ou jwenn yon kopi sou papye si w mande l.

Depatman Sante a kapab voye rapèl randevou pou swen sante ba ou pa lapòs, oswa nan yon tèks pa telefòn oswa yon apèl.

#### **PATISIPASYON NAN REZO ECHANJ ENFÒMASYON SOU SANTE**

Rantre nan enfòmasyon sou antedesan ak swen medikal ou yo enpòtan anpil pou asire ou resevwa swen ki genyen bonjan kalite epi bay pwofesyonèl swen sante ou an yon apèsi konplè sou tout eta sante ou. Sa kapab rann pwofesyonèl swen sante ou an pran pi bon desizyon sou tretman ou. Enfòmasyon an kapab anpeche ou refè tès, ekonomize tan, lajan epi gen tankilite tou. Dènye pwogrè nan kesyon teknoloji ki genyen aktyèlman yo pèmèt pou fè echanj anliy san danje epi an sekirite nan enfòmasyon medikal enpòtan yo ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante ale nan men yon lòt atravè rezo Echanj Enfòmasyon sou Sante (Health Information Exchange, HIE). Depatman an ansanm ak Depatman Sante Konte yo patisipe nan yon rezo HIE, epitou patisipe nan plizyè rezo HIE ki gen pwofesyonèl swen sante ekstèn ki fyab pou pataje enfòmasyon sante w yo byen vit epi san danje anliy pamí yon rezo pwofesyonèl swen sante, tankou doktè, lopital, laboratwa ak famasi yo. Yo transmèt enfòmasyon sou sante ou yo nan yon fason ki san danje epi se sèlman pwofesyonèl swen sante ki otorize ki gen yon bon rezon k ap gen aksè ak enfòmasyon ou yo. Lè y ap pataje enfòmasyon yo anliy atravè yon sistèm sekirize, risk pou yo mal itilize oswa pèdi papye oswa dosye ki fakse yo minim anpil.

Se si w vle patisipe nan HIE pou w patisipe.

*Chwa 1: WI pou Patisipe nan HIE.* Si ou dakò pou yo pataje enfòmasyon medikal ou yo atravè HIE epi ou genyen yon fòm Demann Sèvis ajou nan dosye ou, ou pa bezwen fè anyen. Lè w siyen fòm sa, ou bay Depatman otorizasyon pou pataje enfòmasyon sou sante ou atravè HIE.

*Chwa 2. NON pou Patisipe nan HIE.* Ou kapab chwazi pou yo pa pataje enfòmasyon ou yo anliy atravè rezo HIE an (dezenskri) nan nenpòt moman, pandan w ap ranpli fòm "Dezenskripsyon nan Echanj Enfòmasyon Sante" ki disponib nan Depatman Sante Konte a. Si ou deside dezenskri nan HIE, pwofesyonèl swen sante yo p ap gen posibilite pou rantre nan enfòmasyon sou sante ou nan HIE. Ou dwe konnen si ou dezenskri, pwofesyonèl swen sante k ap fè tretman pou ou yo ap toujou genyen pèmisyon pou kontakte Depatman epi mande nou pataje enfòmasyon sou sante ou ak jan sa endike nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a. Menm si w dezenskri sa pa anpeche pou yo pataje enfòmasyon yo ansanm ak manm ekip tretman ou an. Tanpri sonje, dezenskripsyon ou an p ap afekte enfòmasyon sou sante ou yo te deja devwale atravè HIE avan peryòd tan ou te chwazi dezenskri a.

*Chwa 3. Ou ka chanje lide nenpòt kile.*

Jodia ou kapab bay konsantman ou pou yo pataje enfòmasyon ou yo nan HIE apre sa ou chanje lide ou pandan ou ap swiv enstriksyon ki nan fòm dezenskripsyon yo te dekri nan seksyon Chwa 2 an.

Ou kapab fin dezenskri nan HIE jodia epi w chanje lide apre pandan w ap soumèt Fòm Demann pou Revokasyon HIE Depatman an.

#### **DOSYE SANTE PÈSONÈL (PERSONAL HEALTH RECORDS, PHR) YO NAN APLIKASYON MOBIL LA SENKWONIZE AK DONE ITILIZATÈ YO**

Nan kad sèvis Depatman an bay yo, ou kapab telechaje aplikasyon mobil PHR lan pou w kapab genyen aksè nan dosye sante pèsònèl ou yo. Aplikasyon sa a se vèsyon mobil pòtay Florida Health Connect lan.

Objektif aplikasyon mobil PHR lan se pou fè ou genyen aksè ak enfòmasyon sante ou yo apati aparèy mobil ou an. Ou ka senkwonize kont Florida Health Connect ou an sou aplikasyon mobil lan ansanm ak done sante pèsònèl ou yo ki anrejistre sou aparèy mobil ou an (Google Fit oswa Apple Health) ki pou ba ou yon apèsi a 360 degre sou antedesan ak eta sante aktyèl ou.

Yo pa pral devwale enfòmasyon Google Fit oswa Apple Health yo bay lòt moun san w pa bay otorizasyon ou alekri.

#### **DEVWA DEPATMAN SANTE A**

Lalwa oblige Depatman pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante ki pwoteje ou yo. Avi sou Pratik Konfidansyalite sa fè w konnen kijan yo ka itilize enfòmasyon sante w yo ki pwoteje yo ak kijan Depatman an kenbe enfòmasyon ou prive epi konfidansyèl. Avi sa a eksplike devwa legal ak pratik ki gen rapò ak enfòmasyon sante ki pwoteje ou yo. Depatman an gen responsabilite pou enfòme ou nan ka kote yo vyole enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje akoz li pa an sekirize.

Nan kad devwa legal depatman, li dwe ba ou Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a. Depatman an gen obligasyon swiv tèm Avi sou Pratik Konfidansyalite ki ann aplikasyon aktyèlman.

Depatman ka chanje kondisyon ki nan Avi li a. Chanjman an, si li fèt, ap efikas pou tout enfòmasyon sante ki pwoteje Depatman an kenbe. Ou kabap jwenn aksè ak Avi sou Pratik Konfidansyalite nouvo oswa revize ak tout fòm referans sa a nan Avi sou Pratik konfidansyalite yo sou sit entènèt Depatman nan <https://www.floridahealth.gov/about/patient-rights-and-safety/hipaa/index.html> epi y ap disponib pa imèl ak nan tout lokal Depatman Sante yo. Gen lòt dokiman ki disponib tou ki eksplike w dwa w genyen pou enspekte, kopye oswa amande enfòmasyon sou sante w ki pwoteje.

## **PLENT**

Si ou estime yo vyole dwa konfidansyalite sante ou, ou kapab fè plent bay: Department of Health's Inspector General a nan 4052 Bald Cypress Way, BIN A03/ Tallahassee, FL 32399-1704/ telefòn 850-245-4141 ak Sekretè Depatman Sante ak Sevis Resouzimèn Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) an nan 200 Independence Avenue, S.W./ Washington, D.C. 20201/ telefòn 202-619-0257 oswa rele gratis nan 877-696-6775.

Plent lan dwe fèt alekri, li dwe dekri aksyon oswa, omisyón ou estime ki vyole dwa konfidansyalite w yo, epi li dwe fèt nan delè 180 jou apati lè ou te konnen oswa ta dwe konnen aksyon an oswa omisyón an te fèt la. Depatman pa pral tire revanj kont ou paske ou depoze yon plent.

## **POU PLIS ENFÒMASYON**

Ou kapab adrese w ak moun ki te ba ou a avi sa a, direktè oswa administratè etablisman Depatman Sante kote ou te resevwa avi a pou mande plis enfòmasyon konsènan bagay avi sa a anglobe, oswa Department of Health's Inspector General a nan 4052 Bald Cypress Way, BIN A03/ Tallahassee, FL 32399-1704/ telefòn 850-245-4141.

## **DAT LI ANTRE ANVIGÈ**

Avi sou Pratik Konfidansyalite sa rantre an vigè apati 21 fevriye 2022, epi 1 ap rete anvigè jiskaske yo apwouve ak afiche yon nouvo Avi sou Pratik Konfidansyalite.

## **REFERANS**

“Standards for the Privacy of Individually Identifiable Health Information; Final Rule.” 45 CFR Pati 160 rive 164. *Federal Register* 65, no. 250 (28 Desam 2000).  
“Standards for the Privacy of Individually Identifiable Health Information; Final Rule” 45 CFR Pati 160 rive 164. *Rejis Federal la*, Volim 67 (14 Out 2002).  
HHS, Modifikasyon nan Konfidansyalite HIPAA, Sekirite, Aplikasyon, ak Regleman Notifikasiyon konsènan Vyolasyon selon Lwa Teknoloji Enfòmasyon Medikal pou Ekonomi ak Sante Klinik la ak Lwa sou Enfòmasyon Jenerik aka k pou Pa Fè Diskriminasyon an, Lòt Modifikasyon nan Regleman HIPAA yo, 78 Fed. Rejis 5566 (25 Janvye 2013).